

L.V. kont Depatman Edikasyon Vil New York, 03 Civ. 9917 (SDNY)

Paran timoun ki gen Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP) ki te resevwa oswa ki ka resevwa yon desizyon apre yon odyans enpasyal ta dwe li avi ki nan anèks la sou posiblite pou gen divilgasyon enfòmasyon ak dokiman sou timoun yo nan kad yon pwosè nan tribinal federal.

Gen tradiksyon ki disponib nan lang Panyòl, Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris ak Oudou sou <https://infohub.nyced.org/resources/translated-documents/notice-of-potential-disclosure-of-student-records-and-opt-out-form>.
Odyans Enpasyal ak Medyasyon

Avi sou Posiblite pou Divilge Dosye Edikasyon Elèv

Tanpri pran tan w pou byen li avi sa a. Sa a se yon mesaj sou posiblite pou divilge dokiman oswa done ki ka genyen enfòmasyon sou pitit ou, si pitit ou te klase kòm yon elèv ki gen yon andikap epi li te oswa li ka sijè yon Lòd Odyans Enpasyal final.

I. Nati Pwosè a

Pwosè sa a te konteste echèk Depatman Edikasyon Vil New York (“DOE”) pou li mete an aplikasyon ak alè lòd jij odyans enpasyal yo te bay, nan kad odyans ki fèt selon Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap (“IDEA”), 20 U.S.C. § 1400, e *swivan*. ak N.Y. Lwa sou Edikasyon § 4401, elatriye. An 2007, tout pati yo te siyen yon Akò Règleman (yo rele li “Akò a”) kote Depatman Edikasyon (DOE) te dakò pou li mete lòd sa yo an aplikasyon ak alè.

Nan mwa janvye 2021, Tribinal la te akòde demann moun ki pote plent yo pou nonmen yon ekspè endepandan (yo rele li “special master”). Nan dat 14 avril 2021, Tribinal la te bay yon lòd ki nonmen David Irwin, ki soti nan Thru-Ed, kòm Ekspè Endepandan (“Special Master”). Nan dat 14 me 2021, Tribinal la te bay yon lòd ki dekri responsablite ak otorite Ekspè Endepandan an, ki gen ladan, pami lòt bagay, otorite pou revize pwosesis DOE pou mete lòd odyans enpasyal yo an aplikasyon, epi pou fè rekòmandasyon bay Tribinal la sou amelyorasyon ki ta pèmèt DOE mete lòd sa yo an aplikasyon alè. Dapre lòd sa a, Ekspè Endepandan an ka gen aksè ak dosye edikatif elèv yo, si DOE respekte Lwa sou Dwa ak Konfidansyalite Fanmi sou Edikasyon (FERPA) (20 U.S.C. § 1232g; 34 C.F.R. Pati 99).

II. Done yo bay lòd pou divilge

Pou Ekspè Endepandan an ka fè travay li, Tribinal la bay lòd pou DOE bay Ekspè a (ansanm ak anplwaye ak konsiltan ki travay pou Thru-Ed) aksè ak dosye ki gen enfòmasyon konfidansyèl sou elèv yo, sa gen ladan, men pa limite ak, dokiman ki te soumèt pandan odyans enpasyal yo, lòd ki sòti nan odyans sa yo, done sou kijan DOE respekte lòd yo, ak dokiman edikasyon espesyal elèv yo tankou Pwogram Edikasyon Pèsonalize, evalyasyon, otorizasyon, fakti, elatriye. Ekspè Endepandan an gen obligasyon pou kenbe tout dokiman ak enfòmasyon sou elèv yo konfidansyèl. Pa gen okenn enfòmasyon espesifik sou elèv ki pral pataje ak avoka moun ki pote plent yo, sòf si paran elèv la bay konsantman espesyal. Si gen nenpòt enfòmasyon espesifik sou elèv nan rapò Ekspè Endepandan an bay Tribinal la, enfòmasyon sa yo pa pral pibliye.

Ekspè Endepandan an ap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou travay li ki se revize fason Depatman Edikasyon (DOE) mete lòd odyans enpasyal yo an aplikasyon, epi pou li fè rekòmandasyon bay Tribinal la sou amelyorasyon ki ka ede DOE mete lòd sa yo an aplikasyon ak alè. Divilgasyon enfòmasyon sa yo pa gen okenn efè sou dwa ou kòm paran pou chèche sèvis edikasyon espesyal pou pitit ou.

III. Objeksyon kont Divilgasyon

Si ou dakò pou enfòmasyon sa yo divilge bay Ekspè Endepandan an, ou pa bezwen fè okenn lòt aksyon.

Si ou pa vle enfòmasyon sou pitit ou pataje ak Ekspè Endepandan an, ou dwe fè objeksyon kont divilgasyon sa a lè ou soumèt yon deklarasyon objeksyon bay avoka DOE, nan adrès:

Jeffrey S. Dantowitz
Depatman Jiridik NYC
100 Church Street, Room 2-121
New York NY 10007

oswa pa imèl nan adrès sa a LVO objection@law.nyc.gov. Tanpri fè referans ak pwosè *L.V. v. DOE* (No. Dosye 03-9917) lè w ap ekri. Yon Fòmilè Objeksyon ki akonpanye Avi sa a, byenke okenn objeksyon ki pa ekri sou fòmilè sa a p ap rejte. Si ou fè objeksyon, pa gen okenn dosye ki gen enfòmasyon pèsonèl sou ou oswa sou pitit ou, ni okenn enfòmasyon ki pwoteje pa FERPA, yo pral bay Ekspè Endepandan an, byenke, non pitit ou ka parèt yon fason minim oswa pa aksidan. **Tout objeksyon dwe rive anvan 3 desanm 2021 oswa, pou lòd odyans enpasyal yo pibliye apre 12 novanm 2021, nan twa semèn apre dat yo te bay lòd odyans enpasyal la.**

Si ou ta renmen plis enfòmasyon sou avi sa a, tanpri kontakte avoka ki reprezante moun ki pote plent yo, **Rebecca Shore**, nan òganizasyon **Advocates for Children of New York, Inc.** nan **646532-6078**.